



POU PIBLIYE TOUSUIT

3 FEVRIYE 2025

Pou plis enfòmasyon kontakte:

JP O'Hare

(518) 474-1201

Press@nysed.gov (lyen pou voye imel)

www.nysed.gov

Deklarasyon Depatman Edikasyon Eta New York la sou Dènnye Dekrè Egzekitif Konsènan Edikasyon Piblik

Konstitisyon New York la garanti yon sistèm lekòl piblik "kote tout timoun nan Eta sa a ka resevwa edikasyon". Eta nou an te kòmanse pran kòmandman sa a oserye sèlman nan ane 1954, lè Lakou Siprèm te deklare lekòl apa pou timoun Ameriken Nwa yo te natirèlman inegal. Depi lè sa a, Kongrè a te pwoteje epi bay elèv yo te neglije nan tan pase yo priyorite atravè lejislasyon tankou Lwa sou Edikasyon Primè ak Segondè, Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo, ak Lwa sou Asistans pou Sanzabri McKinney-Vento a. Lwa sa yo rekonèt epi yo selebre diferans pèsonèl, sosyal ak ekonomik. Yo se modèl fòs atravè divèsite.

Dènnye dekrè egzekitif Prezidan an te pibliye yo kontrè ak tradisyon sa a. Eitou yo pa efikas, paske Prezidan an gen yon devwa konstitisyonèl pou li "veye pou garanti yo aplike lwa yo fidèlman." Sa a vle di Prezidan an pa ka decide ki lwa pou li aplike oswa ki finansman pou li bay. Se poutèt sa a de (2) tribinal federal kanpe touswit desizyon Prezidan an pran pou li "bloke" finansman federal yo.

Konsèy la ak Depatman an kenbe angajman l pou li defann diyite ak valè natirèl chak timoun genyen. Nan sans sa a, nou denonse langaj ki baze sou entolerans ki nan dekrè sa yo. Pitit nou yo pa ka pwospere nan yon anviwònman dezòd; yo bezwen lidèchip ki solid epi ki estab epi nou pral fè tout efò nou kapab pou nou bay bon egzàn nan tip de lidèchip sa a.

Konsèy Administrasyon Eta New York

Depatman Edikasyon Eta a / The University of the State of New York / Albany, NY 12234

Biwo Kominikasyon / (518) 474-1201